



Avètisman sou politik /Règleman yo

Tit Règleman an: Egzijans BRC pou Wòl Estajyè, Volontè, ak Moun ki Afilye pou Tout Kalite Pwogram

Nimewo Règleman an: BRC-26-01

Dat Li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Avril, 2026

Lyen Règleman an: [Lyen Règleman an](#)

REZIME JENERAL

Depatman Edikasyon ak Gadri/Swen pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) ap elaji seri wòl yo itilize pou klase kandida yo soumèt pou yon Verifikasyon Dosye Antedan (BRC) nan pwogram gadri famiyal la (FCC). Edikatè FCC yo ap kapab kounye a klase kandida BRC yo kòm estajyè, volontè, oswa moun ki afilye lè y ap soumèt BRC yo. Twa wòl sa yo te deja egziste pou kandida BRC nan pwogram gwoup ak pwogram ki pran timoun ki nan laj pou ale lekòl (GSA) ak pwogram rezidansyèl ak plasman (R&P), men pou pwogram FCC yo, yo te konn klase kandida nan wòl sa yo anba kategori ki pi elaji a moun ki "sou plas regilyèman" (ROP). Ajout 3 nouvo wòl sa yo pou FCC pèmèt gen plis presizyon pandan pwosesis BRC a, kote egzijans BRC yo ap reflekte wòl yon moun genyen pi byen nan pwogram nan.

Règleman sa a ranplase yon ansyen règleman ki te dekri kondisyon BRC pou estajyè, volontè, ak moun ki afilye nan tout kalite pwogram. Mizajou a reflekte kondisyon espesifik BRC pou twa wòl sa yo nan pwogram FCC; kondisyon BRC pou wòl sa yo nan pwogram GSA ak R&P rete san chanjman.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou kandida BRC ki se estajyè, volontè, ak moun ki afilye nan tout pwogram EEC ki gen lisans epi ki resevwa finansman.

MIZAJOU KI ENPÒTAN YO

- Edikatè FCC yo ap bezwen chwazi yon nouvo wòl ki apwopriye a lè y ap soumèt yon BRC nan sistèm pòtal anliy LEAD la pou yon estajye, yon volontè, oswa yon moun ki afilye, olye pou yo soumèt kandida sa yo ak wòl ROP la jan yo te konn fè anvan an.
- Kandida FCC (ak GSA) ki gen wòl entèn, volontè, oswa moun ki afilye ap fè fas a Diskalifikasyon Obligatwa si BRC yo gen ofans/infraksyon ki nan Tablo Ofans/infraksyon ki Lakòz Diskalifikasyon – Diskalifikasyon Obligatwa EEC a. Politik Diskalifikasyon Obligatwa a pa chanje, men paske ROP yo pa a sijè de Diskalifikasyon Obligatwa, kounye a politik sa a pral aplike pou estajye FCC, volontè, ak moun afilye ki te konn postile pou ROP anvan sa.
- Kandida yo jwenn ki pa apwopriye/an konfòmite akòz yon Diskalifikasyon Obligatwa pa kalifye pou menm wòl la nan menm tip pwogram nan toutotan chaj ki lakòz diskalifikasyon an parèt sou BRC yo epi yo pa kalifye pou fè apèl/konteste kont desizyon sa a. Y ap otomatikman pa kalifye pou apwobasyon nan pwogram FCC ak GSA. Anvan sa, yo te soumèt BRC sa yo kòm ROPs epi, paske ROPs pa a sijè de Diskalifikasyon Obligatwa, kandida ki gen Diskalifikasyon Obligatwa sou BRC yo t ap sibi yon revizyon olye pou yo te otomatikman jwenn yo pa elijib/kalifye.

RESOUS YO

- [Kesyon Yo Poze Souvan](#)

PA AJOU/ EKSPIRE

Règleman sa a ranplase règleman EEC ki te rele "Estajye ak Volontè pou tout Kalite Pwogram" ki te pibliye 10 Septanm, 2019 la.